

## BUBUKA

Dina hirup kumbuh sapopoé urang mindeng nyaksian, boh nempo batur boh ngalaman sorangan, anu gunemcatur teu puguh alang ujurna. Malah, lain baé sistematika atawa basana (kecap), jeung sora basana ogé sarua. Mun kajadian sarupa kitu tinangtu naon rupa maksud anu rék ditepikeun ka batur (batur nyarita, nu di ajak nyarita, moal kahontal. Da teu dipikaharti téa. Moal boa, bakal salah tafsiranana ogé).

Nyarita kudu tartib, mun tartib mah nyarita naon baé ogé (kecap: basa) anu rék dilisankeun téh ku urang kapikir heula, saméméh diucapkeun téh. Poma ulah dipokkeun heula, kakara dipikir. Tapi dipikir, ditimbang-timbang heula kakara dilisankeun.

Mun geus tuman, geus bias amah nyarita bakal ngaguluyur kalawan bérés roés. Boh ngajawab panalék batur, boh medar rupa-rupa hal, bakal pok spontan. Nyarita atawa ngagunakeun kecap (diksi) mun teu apal mah sok patukeur kecap basa Indonesia jeung basa Sunda téh. Sakapeung mah éta kecap basa Indonesia atawa basa Sunda téh sok nganggap énténg, sora vocal | e | jadi sora | a |, atawa sabalikna.

Contona :

Lestari (BI) jadi lastari (BS). Menjangan (BI) jadi Manjangan (disundakeun).
---

Kecap **léstari**, hartina kekal, teu robah.

Kecap **lastari**, hartina maot.

Kecap **menjangan**, hartina rusa, pelanduk.

Kecap **manjangan**, hartina jadi panjang.

Tuh, apan kacida pisan béda maksudna, sora basa ogé, anu teu sapira, dianggap teu penting téa, tétéla nangtukeun harti anu ganjor.

Geura tengetan ku Sadérék.

1. Berewék keretas téh disoéhkeun.
2. Ténggék ngarayap dina daun térong.
3. Tenggekna mani senggek.
4. Telenges pisan jelema téh.
5. Beuteung budak mani buncir.
6. Seukeut péso téh.

Sabab teu apal téa, éta kecap téh jadi béréwék, ténggék (ngaran sato sabangsa tutut nu hirup di darat), tenggek (beuheung), belewek, telenges, beuteung, seket.

Hal-hal saperti tadi (kecap, sora basa, runtuyan kalimah) biasana makéna téh ku sabab mindeng latihan (drill).

Guru, kudu mindeng méré latihan. Ku kitu téh jadi biasa. Hasilna moal kajadian nuliskeun beheng (beuheung), peyem (peuyeum), leer (leueur), cicahem (cicaheum), petey (peuteuy).

Ari sabab, basana hade, boh pilihan kecap (diksi) boh sorana basa, atuh dina ngadongéng téh bakal naruk ati, anu ngaregepkeun atawa anu ngabandungan. Kitu deui nembangkeun kakawihan mungguh matak pikaresepeun anu ngadangukeun da éjahanana bener.

Sanggeus ngaregepkeun, murid bakal bisa nyaritakeun deui ku basana sorangan kalawan lancer, bisa ngadongéng kalawan narik ati, bisa nyieun kalimah paréntah, kalawan lancer. Kitu deui, bisa nuliskeun hasil ngaregepkeun, bisa macakeun hasil tulisannana.

Da, geus nyangking pilihan kecap jeung wanoh kana sora kecap. Ieu sakabéh bisa ngawujud jalaran guru parigel jeung capétang tina perkara ngaimprovisasi bahan pangajaran sapuratina.

Kacida pisan merelukeun kaparigelan ngolah katut maripolahkeun atawa metakeun rupa-rupaning basa. Komo deui anu disanghareupan téh apan peserta didik kelas handap.

## KAGIATAN DIAJAR 1

### DONGÉNG TUTUWUHAN

#### A. Standar Kompetensi

Mampu ngaregepkeun, nyangkem, jeung ngomentaran kana sagala rupa wacana lisan nu kabandungan.

#### B. Kamampuh Dasar

Mampuh ngajarkeun sora basa, dongéng, kakawihan, kalimah paréntah jeung kahirupan alam nu aya di sabudeureunnana (sasatoan, tutuwuhan, barang jeung sajabana) maké padika jeung téhnik anu merenah.

#### C. Daftar Rujukan

1. Utama

Sudaryat, (1991). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung: Geger Sunten.

Rusyana, (1979). *Galuring Sastra Sunda*, Bandung: Gunung Larang.

2. Tambahan

Sumarsono, (1984). *Pedaran Sastra Sunda*, Bandung: Geger Sunten.

Rusyana, (1978). *Pengingsi Sastra*, Bandung: Gunung Larang.

Ki Umbara, (2002). *Utara-Utari*, Bandung: Girimukti.

#### D. Tingkesan Materi

Saméméh urang medar rupa-rupa hal, mangga ku Sadérék tengetan ieu catetan dongéng sakadang peucang di handap!

#### **SAKADANG PEUCANG**

Aya anak maung rék nginum ka walungan. Barang nepi ka walangunan, nincak tonggong anak buhaya. Anak buhaya nyerieun, ceurik pupulih ka indungna di jero leuwi.

Indung buhaya bijil ti leuwi, anak maung rék disabet ku buntutna, kaburu lumpat ka darat. Ku buhaya dikakalakeun, omongna, “Ati-ati siah, lamun ka cai deui, ku aing di teureuy”. Anak maung ngawadul ka indungna yen di carekan ku buhaya sarta di kakalakeun. Indung maung ngambek, ngontrog ka cai gogorowokan nangtang buhaya bari nyarékan. Ditembal ku buhaya, “Anak manéh boga dosa, nincak tonggong anak aing teu tuah teu dosa”. Jawab maung “Anak manéh teu puguh teu karuh, rék ngalebok anak aing”. Ceuk buhaya, “Manéh tukang mailng, sok malingan hayam urang lembur, jeung manéh satoh odoh sok ngakanan bugang”. Ceuk maung, “Manéh bau abab, bau sungutna, mun calangap sok digembrong laleur”. Ceuk buhaya, “Ulah loba bacot, lamun wani geura ancrub manéh, urang gelut”. Tembal maung, “Mun manéh wani, geura hanjat ka darat, ku aing ditincak hulu manéh”. Ngomong kitu téh, maung bari ngoloyor ka leuweung.

Barang datang ka leuweung, papanggih jeung peucang. Maung nyarita ka peucang yen geus paséa jeung buhaya. Ceuk peucang, “Manéh bodo, coba mun ku aing mah éta buhaya téh ditipu sina kadarat”. Jawab maung, “Pédah manéh kasebut pangpinterna aing

ménta tulung, panghinakeun buhaya, aing panasaran”. Jawab peucang, “Hadé”.

Ti dinya peucang ka sisi walungan tempat buhaya, tuluy cocorowakan nyalukan buhaya. Teu lila, buhaya bijil ti jero leuwi. Ditanya ku peucang, “Naha bener manéh tas gelut jeung maung, manéh ditincak beuteung nepi ka utah uger?”

Ceuk buhaya, “Bohong, maung nu sieuneun ku aing rék disamber ku aing, gancang manéhna ngejat”. Ceuk peucang, “Lamun manéh haying néwak maung kudu guguru ka aing, engké ku aing dipagahan jampéna”. Ceuk buhaya, “Geura aing papagahan, aing teu kawawa ku ambek ka maung.” Ceuk peucang, “Hadé tapi kumpulkeun saayana batur-batur manéh. Kudu ngajajar disisi cai, sabab mun sorangan baé jampén sok tara matih.”

Buhaya ngumpulkeun baturna, kabehna aya dua puluh, tuluy ngajéjér sisi cai cara rakit, pajar manéh rék guguru élmu kasaktén pikeun ngéléhkeun maung. Barang geus kumpul, tuluy peucang nu geus nyekel batu nyarita kieu, “Engké ku aing rék dibilang heula kudu kanyahoan réana. Poma ulah aya nu nyoara jeung ulah aya nu obah, sabab matak cambal kana jampéna. Tuluy peucang tumpak kana hulu buhaya anu panghilirna. Keletok ditakol ku batu. Tuluy pindah ka buhaya liana, terus dipapay nepi ka kabéh ditakolan. ari geus anggeus, tuluy peucang luncat ka darat bari susurakan, ngéran-géra kabéh, omongna, “Buhaya narundutan ditakol hulu ku batu sakitu tarikna euweuh nu ngarasa.”

Buhaya teu kira ambekeunnana. Peucang pada ngakalakeun. Peucang nyarita ka maung, maung téh pohara bungaheunana. (Anu matak kiwari dina hulu buhaya téh aya bénjolan, da urut ditakol ku peucang). Saminggu ti harita sakadang peucang datang deui ka tempat maung téa. Ari nu kasampak aya ngan anakna baé, keur ngeletek ulin. Ceuk peucang, “Ka mana indung Nyai?” Tembal anak maung, “euweuh keur nyiar parab!” ceuk peucang deui, “Hanjakal euweuh, mun aya mah ku aing rék .... dicium!” Bari ngaleos.

Waktu indung maung datang, anakna nepikeun omongan peucang yén rék nyium indungna. Ngadéngé omongan anakna kitu, beungeutna jadi marahmay, tuluy imut. Ceuk dina haténa, “Tangtu sakadang peucang téh nyahoeun yén aing randa, lantaran bapana budak paéh dibedil ku paninggaran-datang rék ménta buruh.” Ka anakna mah nyarita kieu, “Si peucang nurustunjung, keun engké ku Ema rék .... Dikerekeb!”

*Di cutat tina :*

*Utara-utari*

*Ki Umbara*

## **E. Latihan**

1. Jawab Panalék ieu di handap!
  - a. Saha ari nu ngalalakon téh?
  - b. Naha maranéhna paraséa?
  - c. Naon nu nyababkeun paraséa?
  - d. Kumaha sifat/watek maung, peucang, buhaya?
  - e. Sebutkeun anu sifatna pamohalan dina éta dongéng?

- f. Sebutkeun ungkara kalimah nu eusina teu pantes di caritakeun ka barudak (naon sababna)?
- g. Naon maksudna:
- 1) Maung ompong
  - 2) Lancah maung
  - 3) Satapak peucang
  - 4) Lidah buaya
- (jieun kalimahna!)
- h. Pek tuliskeun deui lima (5) carita dongéng anu palakuna sasatoan?
2. Cing pék sebutkeun deui gurat badagna! “Maké basa sorangan baé teu kudu nurutan omongan sakadang maung, peucang atawa buhaya.”
- Éta geura basa nu dipaké guneman, kecapna téh ngabasakeun sorangan *aing*, ka batur *sia*.

“Ati-ati sia, lamun ka cai deui ku aing di teureuy.”

Kapanggih deui.

Ngabaseakeun diri *manéh* jeung *aing*.


Ditembal ku buhaya, “Anak manéh boga dosa, nincak tonggong anak aing, teu tuah teu dosa!”

Éta kekecapan miboga harti anu kasar. Naha kitu? Apan éta sato téh keur arambek. Asa teu parantes ambek ngagunakeun basa lemes. Ku urang bisa dig anti ku kecap sasaruana.



Upamana baé:

Ati-ati **sia** lamun ka cai deui, ku **aing** di teureuy.



Tina pedaran di luhur, urang geus medar kecap gaganti, kalayan henteu kudu nyebut-nyebut wangenan naon ari kecap gaganti.

Tengetan deui!

Indung buhaya **bijil** ti leuwi, anak maung rék disabet ku **buntutna**, kaburu **lumpat** ka darat.

a. kecap **BIJIL** sasaruanaana:

Kaluar

Modonghol

Nongtot

Nengtet

Meletek

Nonghol

Ngelol


← Kakara kaluar saeutik

← Nembongkeun atawa ngaluarkeun tina jndela, jste.

b. kecap **BUNTUT**

(bagian awak sato anu pangtukangna)

gambar



Naon ari ...


- buntut kasir
- buntut kasiran (bbs)
- aya buntutan
- ngabuntut bangkong
- dibuntut kuda (kkc)
- bubuntut wuluku
- bubuntut kolécér
- bubuntut langlayangan
- katempuhan buntut maung
- kawas anjing tuntung buntut (bbs)

Jieun kalimah maké kecapdi luhur!

Mun geus anggeus baca sing bener!

Dangukeun! Pek sebutkeun!

gambar



Sadérék tiasa nanyakeun ka siswa, upamana:

- 1) Saha nu sok di buntut kuda?
- 2) Naha tata rambut sarupa kitu disebut buntut kuda?
- 3) Upami wani (bari nunjuk ka siswa anu rambutna pondok) bisa henteu rambutna di buntut kuda?
- 4) Jadi ari anu di buntut kuda mah rambutna, kedah kumaha?
- 5) Sebutkeun rupa-rupa kendaraan anu ditarik ku kuda! (ha lieu patali jeung kecap/istilah kendaraan/tutumpukan tradisional).

c. Kecap **LUMPAT**

Lulumpatan

Lompatna

Patarik-tarik lompat

Satarik-tarikna lompat

R – LUMPAT – AN

LUMPAT NA

Tuliskeun masing-masing wangun kecap kawas nu di luhur!

Kumaha ari lulumpatan téh? Pék petakeun!

d. Kecap **DARAT**

Daratan

Badarat

DARAT – AN

BA – DARAT

1. Regepkeun batur hidep keur nyebutkeun 10 kecap nu boga rarangken –an, keung 1 kecap nu boga rarangken ba-
2. éta kecap nu ditataan téh pék jieun kalimahna!

## KAGIATAN DIAJAR 2

### BAHAN PANGAJARAN DONGÉNG

#### A. Standar Kompetensi

Mampuh milih jeung nangtukeun bahan pangajaran dongéng pikeun kelas handap.

#### B. Kamampuh Dasar

Sadérék dipikaharep bisa milih :

1. Parigel nyusun bahan pangajaran dongéng pikeun kelas handap.
2. Parigel ngadongéngkeun dongéng sasatoan pikeun kelas handap ku cara ngagunakeun basa anu basajan.

#### C. Daftar Rujukan

##### 1. Utama

Sudaryat, (1991). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung: Geger Sunten.

Rusyana, (1979). *Galuring Sastra Sunda*, Bandung: Gunung Larang.

##### 2. Tambahan

Sumarsono, (1984). *Pedaran Sastra Sunda*, Bandung: Geger Sunten.

Rusyana, (1978). *Pengisi Sastra*, Bandung: Gunung Larang.

Ki Umbara, (2002). *Utara-Utari*, Bandung: Geger Sunten.

#### D. Tingkesan Materi

Pilihan carita dongéng:

Carita Dongéng hiji (1).

##### **TOKÉ**

Aya budak miskin hayang boga élmu, tuluy guguru, tapi ku padita dijieun betek. Henteu diangken murid cara anu séjén. Ti isuk-isuk nepi ka peuting digawékeun taya reureuhna. Ari eureun digawé, usum saré. Meunang sababaraha taun di patapaan teu nyaho di alip bingkeng-bingkeng acan, cek babasan téa mah, da tara diwuruk. Nanya ka batur-baturna, tara aya nu ngawaro perkara élmu mah. Dina hiji poé si Téka – dilalandi, di dinya baé di patapaan, ngarana nu enya mah euweuh nu nyaho, da euweuh nu haying nanyakeun – dipiwarang meuleum beton ku pandita. Prak beton di bubuy, ari geus asak dijaitan, euweuh hiji, beton sapuluh kari salapan. Si Téka haturan ka pandita: “Ieu beuleum beton sapuluh kari salapan.”

Ceuk pandita : “Tah ajian sia mah sakitu baé, apalkeun beurang peuting.” Si Téka mani nyurucud cipanon bawaning atoh, Saumur guguru kakara harita diwuruk ku pandita.

Ceuk pandita: “Montong ceurik, teu guna. Jig geura digawé deui.”

Ayeuna mah si Téka bari suka, da geus boga élmu. Beurang peuting diapalkeun, “Beuleum beton sapuluh kari salapan.” Ku apal-apalna geus jadi kulit jadi daging. Kacaritakeun pandita jarah ka lemburna, diiring ku murid-murid aya welasna. Si Téka naék harkat, jaba ti digawé di luar kudu beberesih di jero bumi. Sasapu-kekebut. Tapi tina ajrih-ajrihna ku pandita, upama sasapu jeung kekebut, pangcalikan pandita ku si Téka sok diliwat, atuh kekebul mani ngadagleg. Barang kapanggih ku Eusi Bumi, si Téka dicarékan,

sasapu kekebut teu beresih. Ari pangcalikan dijungjungkeun, kapanggih aya tasbéh pandita.

“Deuleu etah.” Ceuk si Téka: “Kumaha nya Nyimas, urang susulkun waé?” Eusi Bumi seuri, omongna: “Ari sia kawas nu burung kumaha nyusulkeunana?” si Téka: “Kumaha kuring waé.” Tasbé dikeupeul, gék sila mandep ka kulon, reup peureum, pok ngawatek ajianana: “Beuleum beton sapuluh kari salapan.” Séot jleg si Téka geus di basisir. Luak-lieuk manggih upih, clak ditumpakkan pok deui watek ajianana: “Beueleum beton sapuluh kari salapan.” Soloyong upih maju sorangan. Ngajemprung tarik alahbatan paser. Seot-seot teu antara sabaraha lilana kapal nu ditumpakan ku pandita kasusul. Si Téka diunggahkeun ka kapal. Gok jeung pandita deku munjungan nyium leungeun, nyium tuur. Beuki ajrih ku pandita, ceuk pikirna: “Aing mah geus teu dicatur, da puguh kudangna élmu.” Pandita: “Aéh-aéh, sia Téka, rék naon nyusul ka aing?”

Si Téka: “Ieu tasbé kapendak tina handapeun pangcalikan.” Tasbé ditampa ku pandita, tuluy si Téka ditanya panjang, kumaha pang bisa nyusul, kumaha kaayaan di patapaan jeung réa-réa deui. Geus kitu amitan arék balik, da keur kapalang sasapu, omongna. Reup peureum pok “Beuleum beton sapuluh kari salapan.” Ari benta geus di patapaan deui “Parantos disanggakeun tasbé téh Nyimas.” Omongna. Mimitina Eusi Bumi teu percaya, nya kitu deui anu séjén. Euweuh nu percayaeun saurang-urang acan. Ari pandira geus datang deui tas jarah, ngaguar nyaritakeun lalakona. Anu kacida dipikagetna, si Téka nyusulkeun tasbé, henteu kanyahoan balikna. Ku pandita si Téka dipake agul, réh aya nu kataékan ku élmu. Supaya kanyahoan ku saréréa, kasaksian kasakténa, tuluy harita disaur, dipiwarang nyokot parukuyan, anu tinggaleun di pajaratan. Reup si Téka peureum, mapatkeun ajianana. Les ti hareupeun nu

ngariung, manéhna geus clok di tempat nu di cipta, néangan parukuyan, pandita. Weleh nu ngartieun kana omongna. Tapi tina tuhuna ka guru, teu niat balik, lamu parukuyan teu acan kapanggih. Anu ngadagoan di lemburna geus kereseleun, geus mulan-malén si Téka tacan datang. Pandita brek gering, sasambatna taya deui ngan ka si Téka. Beuki lila kasaktina beuki maju, tapi teu poho ka si Téka, sasambatna: ...Tek...ka...! Tek... Ka....! ...Tek ...Ka!" ahirna pandita nepi ka ajal. Kari-kari pandita euweuh dipatapaan aya sato siga cacak tapi gedé, disadana ngageroan ka si Téka: "Atuh ceuk ieu-ceuk ieu, pandita bet jadi Toké, da kadarengena disadana: "Tok... Ké! ... Tok .... Ké!!"

*Tina: Dongéng-dongéng*

*Sasakala, jilid II*

*Kenging: R. Satjadibrata*

Pilihan Carita Dongéng Dua (2)

### **TIKUKUR**

Urang Sunda, babakuna nu baheula, kacida pisan telikna kana rupa-rupa sora, sumawonna kana sora sasatoan. Sora kongkorongok hayam, cenah geuning aya anu: putridiuk, cacaglauk, lingkung lembur jeung salainna. Sora perkutut aya anu: larkeupat, sorgedong, wangsakukuk jeung réa-réa deui.

Ngaran rupa-rupa sato aya nu nurutkeun sorana baé saperti: embé, domba, maung jeung saterusna. Kana ucing loba anu nyebut meong. Puguh deui ngaran manuk mah pirang-pirang anu nurutkeun sorana saperti: jogjog, cuhcur, cangkurawok, cangkurileung, pacikrak, bultok, tulung tumpuk, cipeuw, jingjingteureup. Urang teu



kudu nanyakeun, naon sababna nu matak tikukur disebut kitu. Tapi langka anu nyaho, kumaha sasakalana nu matak tikukur saorana kitu. Ku sabab éta, ayeuna urang dongéngkeun.

Jaman baheula tikukur téh manuk anu pangawuntahna, gawéna ngan hihiberan ka ditu ka dieu, ngalajur napsu ngumbar amarah. Jaba ti éta aya deui adatna nu kurang hade tara inget pikahareupeun. Ari boga rejeki téh, sok dibéakeun harita baé. Dina saying ékék. Atuh upama anakna ngarenghik haying baranghakan, tikukur mah kudu ngulayaban heula ka mana-mana, néangan keur ngupahan budak ceurik.

Kacarita waktu paceklik. Ékék mah taya kasusah, wantuning cek paribasa raweuy beuweungeun rambay alaeun. Dina gowokna padedet pare jeung jagong, malah aya peuteuy nanaon. Ari tikukur teu weléh kekeleyengan ngider néangan hakaneun, sarta mindeng datang ti wétan teu beubeunangan, datang ti kulon léngoh, ti kidul lapur, ti kalér cape, tutungna téh ngahurun balung ku tulang. Mun mungguh di jelema mah. Atuh awéwé, lalaki, tikukur téh gawéna murukusunu, teu aya kabéragan. Sabot tingharuleng kitu, jol datang barayana, nya éta manuk puter, mere pi tuduh.

Nurutkeun manuk puter téh, taya piakaleun séjén, salian ti mvnta tulung ka manuk ékék, nginjeum pare, taureun usum panén. Ngadéngé papatah kitu, kacida pisan tikukur atoheunana, sarta harita kénéh gé, salaki jeung pamajikan tuluy haliber katempat ékék. Datang-datang paralak wakca balaka, melas-melas supaya dipikarunya, basana ménta ditumbu umur.

Paingan teuing cék nu nyarita, ulah ménta tulung ka jelema nu jiga ékék, da ékék mah tara daékeun tutulung. Ngadéngé tikukur lumengis ménta tulung téh, ngawalona teu matak jadi panyombo, malah matak tambah nalangsa, sabab cenah daék nulung, tapi ménta anak tikukur pibujangeun.

Sajongjongan tikukur teu bisa ngomong, tina banget nyaah ka anak, ari ku pare butuhna kabina-bina. Paménta ékék sakitu, teu beunang di onggét-onggét, atuh tikukur kapaksa nyarokot anakna hiji, ditukeurkeun kana pare lima ranggeuy. Dina waktu narima pare, tikukur mani asa ngarakacak bari nyuruluk cimata, tina teu téga masrahkeun anak. Baralikna ka imahna seuseut-seuat bisa nepi cacakan lamun teu inget ka anakna nu hiji deui, boa teuing tuluy hiber teu puguh anu dijugjug.

Ku pitulung paré lima ranggeuy téa, maranéhna katilu anak teu lesu teuing di jero lima poé mah, tapi barang paré geus béak, nya ngangruk deui baé. Pare nu lima ranggeuy téh dijeujeuhkeun, diharakan saranggeuy dina sapoé, jadi sanggeus lima poé geus teu ngari sasiki-siki acan. Maranéhna ras ka anak nu geus dibikeun ka batur, ras kana pare panukeuraana teu sapira, ras deui ka jaman panén nu geus kaliwat, jaman teu kurang hakaneun, bati kaduhung sagedé gunung, naha teu nurutan ékék, ngajaga sum paceklik.

Sabot ting haruleng kitu, tikukur téh ninggang kana paribasa nu titeuleum disimbeuhan, nu borok dirorojok, tegesna anu keur susah di tambahan kasusahna. Teu kanyahoan ti mana jolna, ujug-ujug jeprot baé aya nu nyamber ti luhur. Tikukur hiber disamber deui, di pacok sarta dicakar ku alap-alap, nya éta kajajadén anakna anu

dibikeun ka ékék téa. Manéhna sumpah, yén turun tumurun bakal tetep jadi alap-alap baé, jadi satru jeung tikukur nu geus téga nukeurkeun anak kana pare lima ranggeuy.

Tikukur sajodo téa terus hiber teu puguh anu dijugjug. Ningkiran alap-alap, bari ceurik sarta midangdam: kaduhung! Kaduhung! Malah ceuk lalakina mah: “kaduhung! Aduh! Aduh!”

Ari kadéngéna ku urang kaduhung téh jadi tikukur. Kitu deui tikukur lalakina, anu nyebut Kaduhung! Aduh! aduh! Kadéngéna ku urang mah jadi Tikukur! Guk! Guk!

*Tina dongéng-dongéng*

*Sasakala, jilid II*

*Kenging: R. Satjadibrata*

Pilihan Carita Dongéng Tilu (3)

### **ANJING JEUNG BAGONG**

Jaman baheula anjing jeung bagong téh sobat dalit, tara aya pacogrégan naon-naon. Ari dina hiji poé anjing babaung. Bagong kacida ngéwaeunana, nepi ka nyarékan laklak dasar. Anjing nyerieun haténa, sarta tuluy nyarita ka babaturanana. Atuh babaturanana oge pada ngilu nyeri haté, bari ngajak ngajorag bagong. Méméh ngajorag, ménta tulung ka jelema. Ku jelema geus dianggupan. Bagong-bagong sanggeus meunang beja, yén anjing rék ditulungan ku jelema, maranéhna gancang baé marénta tulung ka oray, ka kalajengking jeung babakaur sarta kabéh seungseureudeunan, odéng, éngang, sarisit jeung sabangsana. Oray jangji bakal nulungan, lamun jelema ngaliwat ka liangna. Kitu

deui langgir katut babakaur rék ngaganggu ka jelema, lamun aya nu ngaliwat kana liangna. Ari odéng, éngang, sarisit saranggupna rék nyeureud ka jelema téh, nya éta lamun maranéhna rék kadupak ku jelema.

Sanggeus asak badami, gancang baé bagong jeung batur-baturna ngarasah sihung, jeung ngabiasakeun lumpat, sangkan ulah kabarik ku anjing, ulah kaudag ku jelema. Anjing-anjing kitu deui, ngasah sihung paseukeut-seukeut, sarta dialajar lumpat patarik-tarik, supaya bisa ngarudag bagong nu geus biasa lulumpatan di pileuweugan.

Jelema mah puguh deui, a ngaranna gé umat nu pangpunjulna di nunya, kacida taki-takina, ulah nepi ka éléh jajatén ku sato. Pakarangna geus sadia rupa-rupa, kayaning: tumbak, gobang, sumpit, panah katut bandring geus samakta.

Ku jelema geus di tangtukeun waktu anu hade ceuk ahli palintangan, keur ngurung bagong téa. Kabéh anjing geus dibéjaan, yén lamun geus ditongtongan ku jelema, subuh-subuh kudu kumpul di buruan imah kokolot.

Barang geus cunduk ka waktu datang ka mangsa, subuh-subuh sakur lalaki anu sawawa geus ngagimbung pada marawa pakarang. Pirang-pirang anjing geus kumpul. Gancangna bring indit kabéh. Ari geus nepi ka leuweung, sup anjing arasup kabéh ka nub ala. Jelema ger surak kabéh bari ngahucukeun anjing, bagong-bagong kacida reuwaseunana. Lolobana tuluy lumpat sakalumpat-lampét, geus teu inget kana jangji jeung pada batur, supaya hirup baé. Nu henteu

kaburu lumpat, loba bagong anu paéh pada numbak. Sawaréh keuna sumpit, sawaréh deui keuna ku panah, jamparingna aya nu parat tina bujur kana sungutna. Bagong lumpat anu kabarik ku anjing, tuluy direwég, nepi ka teu bisa polah.

Bagong-bagong nu salamet, nu mubus ka leuweung séjén jangji jeung pada baturna, baris ngagangu kana pepelakan jelema, sarta baris terus ngamusuh ka anjing. Tah kitu sasakalana, nu matak anjing resepeun pisan diajak moro bagong, tug nepi kiwari.

*(Tina: Dongéng- dongéng  
Sasakala  
Kening: R. Stjadibrata)*

Pilihan Carita Dongéng Opat (4)

### **MAUNG TETEP TEU BISA NAEK**

Jaman baheula di hiji leuweung geledegan, di jero guha aya maung keur ngalungsar. Maung téh sukuna pateuh, sabab, katinggang ku tangkal kai.

Dina wanci haneut moyan sakadang maung téh nenjo ucing ti kajauhan. Ucing téh katenjona keur ulin di hiji gunung, kalawan tapis pisan térékél kaditu térékél kadieu luluncatan. Nénjo sakadang ucing petana kitu téh, sakadang maung haténa sirik.

“Ehm lamun aing bisa kawas ucing, térékél kaditu térékél kadieu luluncatan, meureun meunang loba hahakaneun téh,” gerentes haté sakadang maung.

Dina haté sakadang maung boga karep rék guguru ka ucing. Manéhna haying bisa naék kawas ucing, pintér luluncatan. Basa ucing ngadeukeutan tempat matuh maung, gancang pisan manéhna mapagkeun ucing.

“Ki Silah, kuring panglatihkeun naék, kumaha carana ngintip, jeung néwak musuh,” ceuk sakadang maung ngomongna daria nakeré. Sakadang ucing rad hemar-hemir rék narima maung jadi muridna téh lantaran inyana nyaho kana tabéat maung.

“Sakadang maung, heg andika ditarima jadi murid kaula, tapi omat élmu ti kaula montong dipaké adigung gedé hulu jeung montong rék dipaké ngabinasa ka sasama mahluk,” ceuk sakadang ucing. Sanggeus ninggal kahagetan jeung niat maung nu némbongkeun tabiat nu hadé, isukna ucing mimiti nurunkeun pangartina ka sakadang maung. Atuh sakadang maung kacida rajina narima pangarti ti sakadang ucing téh kalawan teu sabaraha lilana, maung geus narima sababaraha pangarti ti ucing.

“Ah ayeuna aing geus ngawasa sagala élmu pangaweruh ucing!” gerentes haté maung bari ninggali ka ucing. Sakadang ucing teu nyahoeun yén sakadang maung boga hate goréng. Inyana boga sangkaan yén sipat sakadang maung ngadeukeutan ka manéhna.

“Hauum! Ucing, tuh tinggali ka luhur, siga aya mahluk!” ceuk sakadang maung. Bari manéhna taki-taki rék ngerekeb ka sakadang ucing. Ninggali talajak maung kitu, sakadang ucing rikat naék ékana tangkal kai.

“Hé, sakadang maung anjeun teu boga rasa rumasa. Boga hate goréng, aya ékadua nganuhunkeun geus dibéré pangarti, untung kaula can ngajarkeun andika kumaha carana naék kana tangkal,” ceuk sakadang ucing.

Ngadéngé caritaan ucing kitu, sakadang maung kacida ambekeunana. Maung beuki ambek basa ninggali ucing lumpat naék kana tangkal nu séjén. Kalawan hate nu handeueul maung ngudag ucing, leungiteun tapak. Sakadang ucing gura-giru ngajauhan maung indit ka tempat séjén. Tungtungna maung nyorangan deui di jero leuweung. Nu matak nepi ka ayeuna, maung mah teu bisaeun naék.

*(Manglé Alit No.201)*

Pilihan Carita Dongéng Lima (5)

### **NEANGAN PIRAJEUN**

Baheula béh ditueun baheula kahirupan masarakat bangkong kacida kacowna, teu weléh pagétréng jeung pada baturna. Hirupna teu weléh aing-aingan pisan, mawa karep sorangan. Tara ieuh tulung-tinulung jeung nuk keur nandangan kasusah.

Sapopoéna bangkong jeung bangkong téh ngan patarik-tarik sora baé, pada haying katanggar jeung disebut pangalusna ku batur.

Hiji mangsa bangkong nu kaitung pangkolotna tur kacida bijaksanana, ngumpulkeun batur-baturna. Pangna dikumpulkeun téh cenah rék ngayakeun saémbara patarik-tarik jeung paalus-alus sora. Tapi maksud bangkong kolot téh nu saéstuna rék ngayakeun

musawarah, sangkan rakyat bangkong teu pagétréng baé jeung nimbulkeun kariweuhan.

“Heuh dulur-dulur kabéh!” ceuk bangkong kolot, “urang téh geus teu pantes dina hirup kumbuh ngan pacogrégan baé jeung pada urang. Urang kudu ngeunteung kana kahirupan sato séjén, dihirupna tengtrem teu patarik-tarik sora nu ngalantarankeun kaributan, éta téh taya lian sabab maranéhna mah, boga pamingpin. Ku kituna, taya salahna masarakat urang gé boga pamingpin, nu paréntah jeung aturanana digugu jeung diturut ku urang sakumna. Satuju?”

“Satujuuuu!” méh saur manuk témbal bangkong nu hadir waktu harita. Sabab maranéhna geus ngarasa bosen patarik-tariksora. Geus peura, lamun ditereuskeun sieun matak ngaruksak kana awak. Ti harita masarakat bangkong ngayakeun rapat méh unggal poé, tapi teu meunang hasil nu nyugemakeun. Papaséaan beuki mahabu silih cabok, silih tonjok, lantaran marebutkeun pamadegan séwang-séwangan.

Pikeun ngungkulan anu sarupa kitu, bangkong kolot anu bijaksana téa, indit nepungan Dewi Asmi, minang saraya. Dewi Asmi téh nu nangtayungan maranéhna. Tukang nulung ka sasama. Sing saha baé nu ménta tulung pasti ditulungan. Ngan édas wé Dewi Asmi téh kebluk, jeung tindak tandukna salsé naker. Dewi sanggup nulungan tur inyana rék néangan piakaleunana. Geus kitu mah dug deui inyana saré.

Ray poé ray poé téh kahirupan masarakat bangkong beuki riceuw. Sorana patarik-tarik, ngalantarankeun Dewi Asmi kagareuwaheun.



“Euh, enya aing téh boga jangji, ka bangkong kolot!” gerentes haténa. Pikeun nedunan jangjina, manéhna nyieun arca bangkong anu kacida gedéna. Tuluy arca téh dialungkeun ka tengah talaga, tempat bangkong disarada.

“Gejebur!” sorana matak eundeur salegana talaga. “Tah ieu Raja maranéh masarakat bangkong! Ngarana Danawa, sipatna siga kaula tara daék diganggu. Omat kudu diajénan. Tur kudu dieureunan kalakuan matak nimbulkeun kaributan téh.” Ku ayana Danawa di jero talaga, caina jadi mudal ka sabudeureunana. Di dasar cai Danawa sila andekak rupana pikasieuneun, beungeutna serem, atuh bangkong-bangkong téh jadi sarieuneun. Paheula-heula néangan panyumputan anu sakira buni, boh dina liang boh tukangeun batu gedé.

“Horeeee! Raja urang geus datang!” ceuk bangkong-bangkong téh saur manuk. “Katénjona mah matak pikasieuneun. Geus kajudi raja urang téh sakti, tur beunang diandelkeun. Lantaran basa datangna gé matak eundeur ieu talaga. Hirup urang baris tengtrem, kabiasaan ribut baé bakal sirna.” Kitu gerentes masarakat bangkong waktu harita.

Tapi katengtrem téh teu mangkuk lila. Lantaran masarakat bangkong ngarasa angeuh, jeung terus tumanya. Salila di jero talaga Danawa teu usik-usik, teuteupna kosong, kaayaan disabudeureunana teu mangaruhan manéhanana. Nénjo kaayaan raja kitu téh, bangkong-bangkong ngora nu gedé wawanén mah wani ngadeukeutan. Sanggeus maranéhna nyarahoeun yén aya raja

Danawa téh taya nyawaan, ngan mangrupa arca bangkong nu kacida gedéna, aya nu ngomong kieu.

“Ah, urang geus katipu Raja, téh sabenerna ngan saukur batu,” pokna, bari clé kana luhureun sirah rajana. “Horeee! Ayeuna mah kaula nu ngarajaan di dieu!”. Sanggeus nyarahoeun kitu mah atuh bangkong nu séjénna gé narurutan. Kajadian ieu téh dilaporkeun ka bangkong kolot. Tapi manna dianggap mah kalahka disentak. Majarkeun nyarita téh gagabah, asal engab baé. Tapi lila-lila mah kanyahoan ku bangkong kolot, yén rajana téh ukur batu.

Ninggal kajadian anu sarupa kitu, bangkong kolot anu bijaksana, balik deui ka Dewi Asmi. Manéhna nyaritakeun kajadian nu karandapan ku masarakatna. “Kaula haying raja nu anyar!” ceuk bangkong kolot ka Dewi Asmi. Paméntana digugu.

Peutingna Dewi Asmi ngirimkeun Buaya Bodas nu Duruwiksa. Basa Danawa mah datangna téh matak eundeur, tapi Duruwiksa mah sabalikna teu kadéngé sora saeutik-eutik acan. Danawa waktu harita teu usi tau malik, ari Duruwiksa mah ngojay ka ditu ka dieu bari sungutna calawak. Unggal ngojay sungutna calawak nyaplukan bangkong, nu balangah tur teu waspada.

Kiwari masarakat bangkong téh hirupna tara nyieun kaributan jeung kariweuhan, langka naringgalkeun tempat matuhna lamun teu perlu teuing mah. Liarna ngan peuting wungkul bari néangan hakaneun, kituna téh bari rancingeus awas mata, ceuli lentaheun waspada bisi kabohongan. Lamun aya sora mahluk séjén di sabudeureunana,

maranéhna teu wanieun kalaluar, sumawona ngaluarkeun sora mah.  
Da dina sangkaanana téh sora Duruwiksa, si Buaya Bodas téa.

*(Diropea ku: Rohman Andayani RS)*

### E. Latihan

Sanggeus maca kalawan taliti: Tangtu, Sadérék geus boga pilihan dongéng mana pikeun kelas 1, kelas 2 jeung kelas 3 (kelas handap).

Kelas	: 1 (hiji)
Judul Dongéng	:
Milih judul	: 1. 2. 3. 4.

Kelas	: 2 (dua)
Judul Dongéng	:
Milih judul	: 1. 2. 3. 4.

Kelas	: 3 (tilu)
Judul Dongéng	:
Milih judul	: 1. 2. 3. 4.

1. Ngaregepkeun guru maca dongéng meunang milih anu maksudna sangkan murid bisa tur resep ngadongéng.  
Anu perlu diperhatikeun, nya éta:
  - Nyarita kudu béntés (henteu ngosom, henteu balelol).
  - Lagu kalimat.
  - Gancang jeung launna sora.
  - Bentés ngalafalkeun sora foném /é/, /e/, /eu/.Lamun ngarasa panjang teuing caritana guru nyederhanakeun heula caritana.
2. Waktu ngadongéng, guru perlu ngaragakeun carita make gambar sato. Hal ieu pikeun ngahudang minat murid.

Gambar situasi kelas.

3. Patalékan (pertanyaan) ngeunaan eusi dongéng nu diregepkeun ku murid.

- a. Saha nu dicaritakeun?
- b. Kumaha nu dicaritakeun téh bageur, bangor, galak, jsb?
- c. Dimana tempatna?
- d. Iraha kajadianana téh?

4. Murid ngadongéng.

Murid ngadongéng saurang-saurang ngadongéng dihareupeun kelas. Murid séjénna ngaregepkeun.

Guru nyieun catetan, bari merhatikeun (ngabandungan) murid ngadongéng.

No	Ngaran Murid	ASPEK NU DI PEUNTEUN					
		Diksi	Lafal é, e, eu	Lagu Kalimat (Lentong)	Tempo (gancang- antare)	Dinamik (Luhur handapna sora)	Keterangan Jumlah

## KEGIATAN DIAJAR 3

### LENTONG KALIMAH DUMASAR KANA WACANA

#### A. Standar Kompetensi

Mampuh macakeun klawan lentong nu merenah luyu jeung tanda baca nu aya.

#### B. Kamampuh Dasar

1. Parigel milih jeung nantukeun bahan pangajaran anu aya patalina jeung kagiatan diajar ngajar ngaregepkeun pikeun kelas handap.
2. Parigel macakeun wacana make lentong anu merenah

#### C. Daftar Rujukan

1. Utama  
Sudaryat, (1991). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.  
Rusyana, (1979). *Galuring Sastra Sunda*, Bandung : Gunung Larang.
2. Tambahan  
Sumarsono, (1984). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.  
Rusyana, (1978). *Pengingsi Sastra* , Bandung : Gunung Larang.  
Ki Umbara, (2002). *Utara-Utari*, Bandung : Girimukti.

#### D.Tingkesan Matéri

Regepkeun guru hidep rék maca carita “Sawengi di Cisasawi.”

#### SAWENGI DI CISASAWI

Nguping wartos mah ti minggu pengker kéneh ti pun biang, saurna, bade ka Cisasawi. Badé ngéndong di dituna éh Kacida pisan atohna, basa diwartosan ku pun biang yén abdi ogé bade diajak, kitu deui pun adi. Kantos naroskeun ka pun biang dimana ari lembur Cisasawi. Saurna dibawahan Cimahi, Cimahi Kalér. Duh kuhoyong énggal-énggal mios, sok resep ari mios ka lembur téh, duka kumaha nya.

Saur pun bap amah, hawana tiis. Da ayana di pagunungan seger karaosna. Cek sawangan tangtos seueur kebon sayur, seueur kebon entéh sapertos di puncak, Cipanas, di Cikajang, di Pangaléngan, Subang. Saur pun bapa. ‘Minggu payun ka Cisasawi téh.’

“Euh muhun saptuna pere nya pa?” sanggem abdi.

“Muhun saptu enjing-enjing baé ti dieuna!” saur pun bapa.

Sawewengi téh mondok teu patos tibra hoyong enggal-enggal enjing. Pun adi ogé sami, katinggana téh. Mios ti rorompok tabuh lima. Disisi jalan bae ngantos ankot anu ti Cangkorah atanapi Kihapit. Kendaraan nu ngalangkung teu acan patos seueur, aya hiji dua baé, sareng panumpangna ogé seuseueurna mah anu bade ka palasar.

Kalresan aya anu koson. Tiasa opataneun. Pun adi mah teu lami oge tos ngalenggut teras baé bobo nyepeng ka pun bapa tunduheun.

Dijalan atos katinggal bray-brayan siang, lampu bumi pus-pes dipareuman.

Anu paparah oge aya, anu naggings sayuran ngabengkot bade icalan ka pasar. Beuki siang beuki ramé kagiatan anu dilakasanakeun ku masarakat. Ting sariet katinggalna tina mobil sakolépat-sakolépat.

Panon poé beuki luhur. Cahayana nyorot mankawura teras nyorot ranteng lempeng kawas bola bodas maloncor tina sela-sela kakayon. Saparantos kirang langkung sajam perjalanan,



Pun bapa nyetop angkot “Heup” saurna. Angkot nyisi, teras tarurun.

Panumpang aya nu naék.

“Kadé, teu aya nu kakantun?” saur pun bapa

“Teu aya!” Sanggem abdi.

Teras Leumpang ngénca mapay jalan tarahalsanaos panonpoe parantos luhur, angin karaos ngahiliwir seger. Beuki lami jalan téh beuki alit. Pun bapa nyandak dus. Eusina oleh-oleh. Pun adi mani galécot sagala rupi ditaroskeun. Bubuhan nembean pun adi mah dicandak ka lembur pagunungan sappertos kitu.

Pun biang hoyong lirrén sakedap. “Ke heula ieu cangkeul bitis!”

“Muhun apan tos lami tara angkat ka nu nanjak!”

Bari nangtung opatan malik ka palih kidul. Kasawang kota mayakpak di lebak. Sakapeung katinggal bumi-bumi tééh ngarumput handapeun runggunuk tangkal.

“Euleuh itu aya kapal! Napungna sahandapeun patempatan abdi opatan nangtung. Katinggalna bade eunteup. Katinggal aya nu ngapung alit herang.

“Tétéh, itu aya deui!” pun adi bari nunjuk kajauhna.

“Hayu! Syupados énggal dugi!”

“Tos caket, pa?”

“Tos....!” Saur pun bapa téh. Tapi pun bapa katinggal gumujeng bari ninggali ka pun biang. Kapan nu nyimpen rusiah.

“Héy reek ka marana?”

“ka Mana?”

Pun biang mani ngehkey nyeungseurikeun ka abdi duluan. Ari sing horeng parantos dugi. Abdi sareng pun adi kalah teras nanjak.

Berebet lumpat mudun. Pun adi jéjéréwétan sieun ka kantun.

Ku naon énéng? Saur ibu-ibu ngagendong jagong dina karung, ka lebakeun.

“Itu, bumina kalangkung!”

Pun biang ningalkeun sareng hiji sepuh saparantos unjuk salam, teras munjungn.

“Ieu téh sobat bapa. Téh, saur pun biang.

“Euleuh, si Enéng mani gareulis!” isin ari di geulis-geulis téh da abdi mah hideung nu geulis mah kulitna beresih bodas.

Bumi téh mayunan jalan dvsa di sisi bumi aya balong, laukna ting kucipek. Aya pancuran caina ngagelenggeng teu lirrrén-lirén. Disisi balong dipelakan rupi-rupi tatangkalan, sapertos tangkal cau, gedang, taleus. Reup wengi sora-sora sato patembalan. Tatangga seueur nu natamu. Hoyong tepang sarengpun bapa. Mani ngalecok téh resep arakuan sadaya tatangga nu ditepangan téh ngarajak nganjang ka bumina.

“Ngnjang ka Bibi!”

“Enya, enéng urang kulem geura diditu!”saur nu saurang deui.

“Ieu, ibu gaduh kulub jagong. Hoyong katuang, amis kénéh. Dadakan!” bari teras ngasongkeun kulub jagong sabaskom.

“Euleuh, nuhun atuh mani sagala.....!”saur pun biang.

Ah neangan ogé anu teu raraos!”tuangeun kampong.

Pun adi mah mani ngalenggut tunduheun. Teu lami tos ngaguher beuki wengi hiji-hiji tatangga uih. Bari teu kendat-kendat ngaduakeun ka abdi sareng pun adi sakolana sing jalujur, héman ka sasama, éman ka dirina. Pun bapa uplek ngobrol sareng pribumi kitu deui pun biang.

Sanaos resep kénéh, abdi ku pun biang di piwarang saré sareng pun adi.

“Tétéh, tah didieu bobona, Ade dihalangan, bilih tigubrag.

“Candak bantalna!”

Pun biang ogé nuju ngobrol sareng bu ASih, disarengan ku Nini, ibuna bu Asih, Mungkin wengi mah sadayana kawon ku tunduh. Kawengikeun mah sora sato-sato ogé beuki carang capaeun panginten. Apan enjing téh tos kedah wangsul deui. Atuh meni hanjakal ngéndong téh mun sawengi.

## E. Tingkesan Matéri

Saparantos ngaregepkeun carita anu dibacakeun ku guru, ayeuna mah waler baé panalek ieu dihandap!

### 1. Harti Kecap

Naon hartina ?

Ngéndong

Sawangan

Mondok

Ngabengkot

Tarahal

Lebak

Mudun

Munjungan

Ngagelenggeng

Ngaleggut

Nyanggeyeng

Bray-brayan

Sakolépat

Mayakpak

Sanaos

### 2. Tengetkeun masing taliti

Pengker ..... fonem e

Kéneh ..... fonem é

Seueur ..... fonem eu





Tuduhkeun mana anu leres?

a. Itu



Ngabebela

Seuheu
Séné
Sene


b. Mang Dayat ingkud-ingkudan






d Bibi ka ditu ka pasar



f. Neng Eulis



Da Socana



→ Ku oray di sawah

i. 

Berewek
Béréwék
Beureuwék

 Keretas Koran téh disokeun ku Inga`

i. 

Pangneelkeun
Pangnéélkeun
Pangneueulkeun

 → 

beteng
Beuteung
Béténg

 →

Iteung
Iteng
Iténg

Kang Kabayan →

leu
lé
le

→ Radja → 

Seueul
Seel
Séél

## KEGIATAN DIAJAR 3

### LENTONG KALIMAH DUMASAR KANA WACANA

#### A. Standar Kompetensi

Mampuh milih, nyusun, jeung nantukeun bahan ajar ngeunaan kalimah paréntah basajan pikeun kelas handap

#### B. Kamampuh Dasar

1. Parigel nyusun bahan ajar ngeunaan kalimah paréntah basajan
2. Parigel milih jeung nangtukeun metode jeung tehnik ngajarkeun kalimah paréntah basajan

#### C. Daftar Rujukan

1. Utama  
Sudaryat, (1991). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.  
Rusyana, (1979). *Galuring Sastra Sunda*, Bandung : Gunung Larang.
2. Tambahan  
Sumarsono, (1984). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.  
Rusyana, (1978). *Pengingsi Sastra* , Bandung : Gunung Larang.  
Ki Umbara, (2002). *Utara-Utari*, Bandung : Girimukti.

#### D. Tingkesan Matéri

1. Ngaregepkeun carita kalayan ngécéskeun jeung nyontoan kalimah paréntah basajan  
Regepkeun guru hidep rék maca ieu wacana

## PAPARUHAN

Hiji poé pabeubeurang, dua budak lalaki keur ngaluntreng  
ngarangwangkong disisi balong. Keur arulin, maén paparahuan  
beunang nyieun sorangan tina kai make layar sagala niron tina gambar

“jat, sina tengah parahuna!” ceuk anggi basa nempo parahu jati ukur  
ugag-igeug di sisi tambakan. Jati terus baé ngoyag-ngoyag cai balong  
ku dampal leunguna. Parahu maju ka tengah ka ombak-ombak, jeung  
katiup angin, jati nutur-nutur parahu sapaparat tambakan. Paromana  
marahmay.

“Anggi, angkleungkenun parahuna!” ceuk Jati.

Anggi lalaunan nunda paparahuan luhureun cai. Caina disurung-surung  
ku dampal lengeunna. Paparahuan kaombak-ombak barudak téh  
duanana ngadagoan parahu nepi ka sisi. Aranteng seuseurian jeung  
ngomentaran paripolah di parahu.

Keur kitu hiuk angin rada tarik. “Déngdék!” ceuk jati.

“Euh, euh, euh..... Ti teuleum!”

“Kalebuh!”

Paparahuan téh duanana tibalik!”

Dua sobat tarurun ka balong, kecebek barudak téh muru paparahuan,

“Singkilkeun calanana!”

Geus kacokot mah barudak téh ka sarisi deui. Terus hanjat kana  
tambakan

*(kenging : Mubyar*

*Suaka Indah*

*Leuwi Gajah Cimahi)*



2. Nenetan conto kalimah parentah basajan.

Tengetan!

“Jat, sina ka tengah parahuna!”

“Anggi, angkleungkeun parahuna!”

“Singkilkeun calanana!”

Ungkara kalimah siga kitu téh kaasup kalimah paréntah basajan.

Tangetan deuih, akhir kalimat ditungtungan ku tanda penyeluk (!)

Tangetan deui!

Singkilkeun	Calanana
Sesebutan (Predikat)	Jejer (Subjek)
Singkilkeun S	Calanana P

a.

b.

Keterangan

kalimah (a) kalimah inverse.

Kalimah (a) jeung (b) nya eta kalimah basajan

Pék baé écéskeun ku Saderek nanon atuh kalimah parentah téh)

Naon sababna karangan kalimah saperti itu disebut basajan?





Tengetan!





Dina wacana “Paparahuan” katémbong deui kecap anu make sora é, e, jeung eu. Maksudna nvtélakeun aplikasina (cara ngagunakeun) pangajaran saméméhna.

**E. Latihan**

1. Jieun kalimah paréntah basajan anu variatif!
2. Tuduhkeun mana jejer (s) mana sesebutan (P)!
3. Ngaregepkeun gambar tutuwuhan kalawan nataan babagianana  
Regepkeun jeung tengetan!

Ieu dihandap aya rupa-rupa tutuwuhan. Ku hidep pék tataan  
naon ngaranna





4. Nataan ngaran babagian tutuwuhan

a. Gambar 1 : Tangkal kalapa

Ngaran babagian : bahan karajinan tangan

- 1). Tangkal : dipaké bahan bangunan
- 2). Daun nu ngora: dipaké janur (hiasaan, cangkang kupat
- 3) Daun (barangbang): dipaké dijadikeun nyéré dibeungkeut make simpay
- 4) Buah kalapa :
  - Tapas dijieun tambang késéd
  - Batok dijieun siwur, sinduk, hiasan
  - Dagingna diparud dijieun cipati jang campuran sayu/angeun bias oge dijieun minyakgoréng atawa galendo
  - Buah kalapa ngora : dewegan bias dijieun jadi rujak kalapa (sirop)
  - Kembang kalapa : mayang
  - Tungtung tangkal kalapa; hambut

b. Gambar 2 : Tangkal Kawung

- 1) Tangkalna : dibeulah di paké saluran cai.  
Eusi tangkal : hatena dipaké parab ingon-ingon, aci kawung (bahan kuéh-kuéh).
- 2) Injuk : bahan mebeul (lapis jok), panyaring cai, sapu injuk, saying lauk (ngendogkeun lauk), lapisan wuwung (suhunan imah), tambang, salang injuk.
- 3) Harupat : Kalengkepan upacara adat.
- 4) Daun kawung : bungkus rokok linting  
Palapah, sengserang kawung.
- 5) Buah kawung : Caruluk (cangkaléng).

Leungeun buah kawung (dipotong) diala caina dijieun cai lahang atawa dijieun gula kawung.

c. Gambar 3 : Tangkal Taleus

- 1) Tangkal taleus
- 2) Daun-daun ngora dijieun jadi buntil
- 3) Beuti dijieun seupan taleus

d. Gambar 4 : Tangkal Sampeu

- 1) Tangkal sampeu
- 2) Daun ngora/pucuk; dijieun lalab/sayur
- 3) Beuti: dijieun peuyeun colénak.

e. Gambar 5 : Tangkal cau

- 1) Tangkal cau
- 2) Daun cau: Ponggol, kompét
- 3) Kembang: jantung.
- 4) Buah : sikatan, turuy, dijieun sale cau.

f. Gambar 6 : Tangkal Kaktus.

- 1) Tangkal Kaktus.
  - Nya tangkal nya daun.

g. Gambar 7: Konéng.

- 1) Konéng.
  - Kembang konéng
  - Beuti – beuti konvng.

h. Gambar 8 : Tangkal Cikur

- 1) Tangkal Cikur
- Beuti Cikur

i. Gambar 9 : Tangkal buah

- 1) Tangkal
- 2) Dahan
- 3) Régang : pangpung
- 4) Daun
- 5) Pucuk
- 6) Kembang-kembang burung
- 7) Buah-buah ngora

j. Gambar 10 : Tangkal Kai

- 1) Tangkal Kai
- 2) Dahan.
- 3) Régang
- 4) Daun

Tina gambar tutuwuhan sadérek bias nataan ngaran-ngaran babagian tutuwuhan mangrupa kosa kata (istilah) tutuwuhan jeung sajabana.

5. Nimukeun ngaran tutuwuhan sarta ngeceskeun maksudna Sadvrek ngeceskeun murid-murid nimukeun rupa-rupa tangkal tutuwuhan. Eta tangkal téh terus digambar kalayan nyebutkeun ngaran-ngaran babagian atawa tutuwuhan.  
Pék baé geura pigawé éta tugas téh.

Regepkeun babaturan nyebutkeun éta ngaran-ngaran bagian tutuwuhan anu aya dina gambar

## KEGIATAN DIAJAR 5

### KAKAWIHAN

#### A. Standar Kompetensi

Mampuhmilih, nangtukeun jeung nyusun bahan pangajaran kakawihan pikeun kelas handap.

#### B. Kamampuh Dasar

1. Parigel nyusun bahan pangajaran kakawihan pikeun kelas handap
2. Parigel milih jeung nangtukeun metode jeung tehnik ngajarkeun kakawihan dikelas handap

#### C. Daftar Rujukan

##### 1. Utama

Sudaryat, (1991). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.

Rusyana, (1979). *Galuring Sastra Sunda*, Bandung : Gunung Larang.

##### 2. Tambahan

Sumarsono, (1984). *Pedaran Bahasa Sunda*, Bandung : Geger Sunten.

Rusyana, (1978). *Pengingsi Sastra*, Bandung : Gunung Larang.

Ki Umbara, (2002). *Utara-Utari*, Bandung : Geger Sunten.

#### D. Tingkesan Materi

Ngaregepkeun kakawihan barudak



Regepkeun guru hidep hidep rék ngawihkeun ieu lagu kakawihan  
sing saregep! Resep geura! Galumbira!



**EUNDEUK-EUNDEUKAN**

Eundeuk-eundeukan, cangkuang  
Balé Bandung pasébaran parakan muncang  
Meunang peucang sahiji  
Leupas deui ku nini  
Beunang deui ku aki  
(dikawihkeunna bari eundeuk-eundeukan dina tangkal)

**UNCANG ANGGE**

Ucang-ucang anggé  
Mulung muncang ka papanggé  
Digogog ku anjing gedé  
Anjing gedé nu Mang Lebé  
Anjing leutik nu Ki Santri

Ari gog, gog sungungung  
(biasana ngawihkeunana téh bari diuk, suku nu ngawih di tumpakan  
ku budak, heg ucang-ucangan)

### **PRANG PRING**

Prangpring, prangping  
Salumprang-salampring  
Sabulu-bulu gading  
Si Gading ka sunda perang  
Pur kuntul engkang-engkang  
Munding ngabonkar kandang  
Salewek sadugel cindel  
Heug, heug caringin runtuh  
Heug, heug, caringin runtuh  
Dorokdok gubrag.  
(dikawihkeun bari nepakan tuur budak anu disanghunjarkeun)

### **PAT LAPAT**

Pat lapat, pat lapat  
Pat lapat katingalna  
Masih tebih kénéh pisan  
Layarna bodas nyéngcelak  
Kasurung ka ombak-ombak

### **AYUN AMBING**

Ayun ambing ayun ambing  
Ayun abing lila nyaring  
Mana nyaring ku dibanding  
Ayun puntang ayun puntang

Ayun puntang lila hudang  
Mana hudang ku disorang

(biasa dikawihkeun ku ngyun budak dina aisan. Budak téh ngareunaheun reup baé saré)  
Kakawihan téh lain baé bari ulin, bari digawé ogé osok.  
Upamana anu keur tunggu pare sawah, kieu kakawihanana.  
Geura pék kwihkeun

### **NGEUBAHAN MANUK**

Sieuh!

Sieuh!

Manuk ka ditu dayeuh  
Di dieu sagala euweuh  
Sia moal bias seubeuh  
Da aya anu ngageugeuh

Sieuh!

Sieuh!

Manuk ulah arék dating  
Bisi nyorang kana régang  
Kudu nyingkah mangka anggang  
Di dieu aya pangilang

Sieuh!

Sieuh!

Manuk ulah arék ganggu  
Da aing anu keur tunggu

Sieuh!  
Sieuh!

(lamun geus dikawihkeun heg déklamasikeun. Piligenti sapada (sabait) sewing. Lebah 'sieuh-sieuh' bareng ucapkeun ka sararea.

Anu keur migawé di sawah ogé, boh keur ngwaluku boh keur ngaguru, osok ngawih. Munding nu keur waluku atawa garu téh bangun genaheun. Geura ieu kawihkeun atawa déklamasikeun. Lebah, 'lupt, luput' jeung sajabana, bring rampakkeun ku sararéa.

### **MIGAWÉ**

Ki Pangantén geur gugah  
Bisa kasiangan nyawah  
Bisi kaluputan nyambut  
Ki pangantén geura gugah

Luput, luput!  
Luput, luput!

Waluku disaung lisung  
Garu dina pipir leuit  
Ki Pangantén geura gugah

Kia, kia!  
Mideur, mideur!

Pecut boréléng di ambén  
Gobang pontrang ditunjangeun  
Ki Pangantén geura gugah

Kalen, kalen!  
(Alus lamun bari dipetakeun téh geura)

*(di cutat tina : Panyungsi Sastra  
Kenging ; DR. Yus Rusyana,  
Bandung : Gunung Larang)*

#### **E. Latihan**

Milih jeung nangtukeun bahan nu loyog kelas handap.  
Pék baé pilih hiji atawa dua judul nurutkeun tinimbangan Sadérék

Kakawihan eundeuk-eundeukan  
Petakeun kumaha eundeuk-eundeukan téh?

- Ngeundeuk – ngeundeuk
- Dieundeuk – eundeuk
- Eundeuk-eundeukan dina tangkal, kumaha?

Mun geus paham ngeunaan eundeuk-eundeukan barengan ku  
ngawihkeun lagu eundeuk-eundeukan.

Barudak bawa ka luar!

Tarékel sina naék kana tangkal

- Sina dieundeuk-eundeuk
- Dibarengan ku irama
- Dikawihan

Dina tangkal sakalian bari nanyakeun babagian tangkal anu geus diajarkeun saméméhna!

Barudak murid ngawih babarengan (rampak) bari ngaramaikeun awakna.